



Pou Piblikasyon Imedya: 21/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE BIDJÈ EGZEKITIF ANE FISKAL 2020 AN PRAL RANFÒSE PWOTEKSYON KONT ATAK SOU TRAVAYÈ TRANSPÒ YO

Moun Ki Akize Ke yo Te Kondane pou Atak sou yon Travayè Transpò Pral Sijè a Enfraksyon Klas D

Li Elaji Kategori Travayè Ki Kouvri anba Pwoteksyon Aktyèl yo pou Enkli Travayè Ki nan DOT Eta a, Otorite Thruway, Minisipalite yo ak Ayewopò Atravè Eta a

Li Ogmante Tip Travayè nan MTA yo ki Pwoteje yo

Li Otorize Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a pou yo Mete sou Pye Kanpay Edikasyon Piblik sou Sekirite Zòn Travay yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 an gen ladan nouvo mezi ki pou pwoteje travayè transpò yo nan Eta New York kont atak yo. Sou nouvo pwovizyon yo, moun ki akize ke yo te kondane pou atak sou travayè transpò yo pral sijè a yon enfraksyon Klas D, ke yo ka pini ak yon peryòd anprizònman obligatwa rive jiska sèt ane ak yon amann jiska 5,000 dola. Aktyèlman, se sèlman kèk anplwaye nan Otorite Transpò Metwopolitèn nan (Metropolitan Transportation Authority, MTA) ki kouvri anba pwoteksyon sa yo. Pwopozisyon Gouvènè a pral ogmante tip travayè nan MTA ki pwoteje yo. Li pral pou premye fwa tou gen ladan yon kategori travayè ki elaji ki kouvri anba pwoteksyon sa yo, ki gen ladan travayè ak antrepriz otowout yo ki nan Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a ak Otorite Thruway (Thruway Authority), travayè ak antrepriz otowout minisipal yo, ansanm ak travayè ki nan ayewopò atravè eta a. An plis, pwopozisyon an pral bay manda pou ke tout chofè ki mete lavi travayè otowout yo an danje akoz yon rantre ki pa otorize nan yon zòn travay ki aktif yo sijè a yon peryòd jiska twa mwa nan prizon ak yon amann jiska 500 dola.

“New York gen yon politik zewo tolerans kont nenpòt moun ki klèman ap mete lavi ak sekirite travayè transpò yo an danje”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan ranfòse sanksyon aktyèl yo epi elaji kategori travayè yo ki enkli nan pwoteksyon sa yo, nou pral anpeche atak nan fiti yo, asire sekirite travayè transpò New York yo, epi bay fòs lapolis yo zouti ke yo bezwen pou kapab jije moun ki koupab yo responsab.”

Lwa Penal Eta New York aktyèl lan deklare ke si yon moun atake kèk anplwaye MTA tankou operatè tren yo, operatè bis yo, enspektè tikè yo, kondiktè ak ajan estasyon yo sa se yon enfraksyon Klas D ke yo ka pini ak jiska sèt ane anprizònman ak yon amann jiska 5,000 dola. Pwopozisyon ki nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 an ta pral elaji kantite travayè MTA ki pwoteje yo anba lwa a pou enkli ladan asistans kliyan nan estasyon yo; nenpòt moun ki responsab pou swa vann tikè oswa fè kòlèk peman

vwayaj yo pou moun ki monte nan yon tren oswa bis; moun ke responsabilite ofisyèl yo enkli mentnans, reparasyon, enspeksyon, evalyasyon, teste oswa netwaye yon sistèm siyal pou transpò, wout metwo ki elve oswa ki anba tè yo, estrikti estasyon transpò yo, oswa antrepo tren yo; ak anplwaye sèvis pou pasaje yo.

Pwojè lwa a ap elaji tou menm pwoteksyon yo pou travayè ak antrepriz nan DOT Eta a ak Otorite Thruway, travayè ak antrepriz sou otowout minisipal yo, ansanm ak travayè ayewopò yo atravè eta a, ki enkli moun ki ap netwaye tèminal, kabin, etablisman yo, anplwaye ki ap ede moun ki sou chèz woulant yo, moun ki ap jere malèt yo, moun ki ap pote malèt yo, ajan tikè yo, anplwaye sèvis kliyan yo, gad sekirite yo, anplwaye jesyon liy yo, chofè kamyon bis yo oswa nenpòt anplwaye ke responsabilite yo egzije yo travay sou makadam lan. Travayè ki kouvri yo pral enkli sila yo ki anboche nan nenpòt ayewopò, otorite ayewopò oswa konpayi/machann - piblik oswa prive - ki ap pèfòme sèvis sa yo nan yon ayewopò nan Eta New York.

Prezidan Enterimè MTA a Fernando Ferrer te deklare, “Travayè transpò nou yo ap fè vanse plizyè milyon moun New York chak jou epi yo merite tout pwoteksyon pandan ke yo ap fè travay yo. Bidjè sa a ap bay pwoteksyon ki nesèsè anpil pou ke travayè nou yo ka konsantre pi byen sou reparasyon ak amelyorasyon sistèm transpò ki pi gwo epi pi konplèks nan nasyon an”.

Komisè Pwovizwa Depatman Transpò Eta, Paul A. Karas, te deklare, “Bidjè Egzekitif lan ap pwopoze solisyon bon sans yo pou ka asire sekirite popilasyon ki ap vwayaje an ak sila yo ki ap travay pou jere gwo sistèm transpò nou an. Mwen pa ka mete enpòtans ase sou nesèsite pou ke chofè yo ralanti, kalme yo epi kondwi ak prekosyon nan zòn travay sou otowout yo atravè Eta a”.

Direktè Egzekitif pa Entèrim Otorite Thruway, Matthew J. Driscoll, te deklare, “Chak jou, travayè sou bò wout yo ap riske lavi yo pou asire ke wout yo sekirize pou tout chofè yo. Nou rekonesan anvè lidèchip Gouvènè Cuomo nan entwodwi pwojè lwa nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019-20 an ki ap pwoteje anplwaye ki devwe epi ki ap travay di nou yo ki jis ap eseye fè travay yo. Sanksyon ki ogmante sa yo pral voye yon mesaj klè bay tout chofè yo pou di yo ke yo dwe pran prekosyon lè yo ap kondwi, oswa yo pral fè fas a gwo sanksyon si yo pa obeyi lalwa”.

Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a Rick Cotton te deklare, “Operasyon ki sekirize epi efikas nan ayewopò Otorite Pòtyè yo depann sou yon mendèv ki estab, ki motive epi ki byen pwoteje, ki ka ranfòse efò sekirite global yo epi asiste kliyan yo nan yon fason ki eksperimante, ki konsyan epi ki pozitif. Konbine ak apwobasyon ane pase pou yon salè minimòm ki amelyore yon fason konsiderab pou travayè ayewopò yo, lè nou ofri anplwaye sa yo plis pwoteksyon kont atak potansyèl yo sa pral redwi anpil woulman yo, amelyore moral epi devlope travayè ki pi byen fòme antan ke kontribitè krisyal nan operasyon ak sekirite ayewopò a nan mond apre 11/9 sa a”.

Komisè Pwovizwa DMV ak Prezidan Pwovizwa Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) Mark J.F. Schroeder te deklare, “Travay ke travayè sou otowout sa yo ap fè yo benefisye tout moun ki ap itilize wout New York yo, epi yo merite pou yo kapab fè travay yo an sekirite. Yo gen fanmi ki vle yo tounen lakay yo nan fen jounen an, epi sa se yon mesaj ke nou tout ta

dwe akeyi. Nou fyè pou nou fè patenarya ak DOT ansanm ak lòt antite pou edike popilasyon ki ap kondwi an epi fè tout sa nou kapab pou pwoteje travayè sou otowout nou yo”.

Danny Donohue, ki se Prezidan CSEA, te deklare, “Nou aplodi Gouvènè a poutèt li ap fè plis efò pou pwoteje travayè transpò yo epi edike popilasyon an sou enpòtans sekirite zòn travay yo. Travayè nou yo mete lavi yo an danje chak jou pou ka kenbe wout nou yo an sekirite epi nou sipòte nenpòt efò ki ap fèt pou ede pwoteje yo”.

Nan dènye ane yo, te genyen yon kantite alamant atak sou travayè sou otowout yo ak entwizyon chofè ke yo te rapòte nan zòn travay yo. Yo te rapòte ka similè sou etablisman ki posede epi jere pa gouvènman lokal ak otorite piblik yo, ki kouvri tou anba pwojè lwa ki pwopoze a. Soti 2014 rive 2017, DOT te rapòte 610 entwizyon sou zòn travay yo, ki te gen pami yo chofè ki ap akselere ki ap pase bò pèsònèl ki ap fè sikilasyon yo epi kondwi nan zòn travay yo.

Pwojè lwa ki te nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2020 an pral bay Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a enstwiksyon pou mete sou pye yon pwogram edikasyon ak sansibilizasyon piblik pou ogmante atansyon chofè yo sou enpòtans zòn travay sou otowout yo, ogmante epi pwomouvwa sekirite zòn travay yo epi redwi kantite ensidan nan zòn travay yo, ki enklè akselerasyon, entwizyon ki pa otorize nan zòn travay yo ak nenpòt kondwit ki ap abouti a menas oswa blesi sou travayè sou otowout yo.

Ane pase, NYSDOT ak Komite sou Sekirite Sikilasyon Gouvènè a te devwale yon nouvell anons sèvis piblik (public service announcement, PSA) ak yon kanpay sou rezososyo yo ki konsantre sou enpòtans pou moun respekte pèsònèl ki ap fè siyalizasyon yo. Kanpay sou sekirite zòn travay PSA a, “Flaggers have families too” (“Pèsònèl ki ap fè sikilasyon yo gen fanmi tou”), elabore pou fè otomobilis yo sonje ke pèsònèl ki ap fè siyalizasyon yo p'ap eseye deranje sikilasyon an - yo senpleman ap fè travay yo epi yo vle ale lakay yo an sekirite nan fen chak jounen travay. Ou kapab wè PSA a [la a](#) ak [la a](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvell ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)